**दिन–मंगलवार** **दिनांक–14.10.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ
अवधिः–05 मिनट

---

एनडीए के घटक दल सभक मध्य मनपसिन सीट के लऽकऽ जारी गतिरोधक बीच भाजपा आइ प्रत्याशी लोकनिक पहिल सूची जारी कऽ देलक अछि। एहि सूची मे एकहत्तरि प्रत्याशी लोकनिक नाम सम्मिलित अछि। एहि मे नओ महिला छथि। भाजपा पचास पुरान चेहरा पर अपन विश्वास राखलक अछि, जखनकि एगारह निवर्तमान विधायक लोकनिक टिकट कटि गेल अछि। उप–मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी के तारापुर सँ जखनकि विजय कुमार सिन्हा के लखीसराय सँ टिकट देल गेल अछि। विधानसभा अध्यक्ष नंदकिशोर यादव के टिकट काटि देल गेल अछि। ओ सात बेर सँ पटना साहिब विधानसभा क्षेत्र सँ लगातार जीत हासिल कयलनि अछि। मंत्री मोतिलाल प्रसादक सेहो टिकट कटि गेल अछि। ओतहि कुम्हरार सँ पांच बेर के विधायक अरूण कुमार सिन्हा के सेहो टिकट सँ वंचित कऽ देल गेल अछि। एकर अलावे पार्टी जाहि निवर्तमान विधायक लोकनिक टिकट काटलक अछि, ओहि मे पूर्व मंत्री रामसुरत कुमार, रामप्रीत पासवान आ अमरेन्द्र प्रताप सिंह प्रमुख छथि।

भाजपा पूर्व सांसद रामकृपाल यादव के दानापुर सँ अपन उम्मीदवार बनौलक अछि। एकर अलावे स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय के सीवान सँ, नीतीश मिश्रा के झंझारपुर सँ, नीरज कुमार बबलू के छातापुर सँ, जीवेश कुमार के जाले सँ टिकट देल गेल अछि। संगहि राजू सिंह के साहेबगंज सँ, कृष्ण कुमार मंटू के अमनौर सँ, नितिन नवीन के बाँकीपुर सँ, संजय सरावगी के दरभंगा सँ, प्रेम कुमार के गया शहर सँ, सुरेन्द्र मेहता के बछवाड़ा सँ आ डॉक्टर सुनील कुमार के बिहारशरीफ सँ उम्मीदवार बनाओल गेल अछि। बेतिया सँ रेणू देवी, परिहार सँ गायत्री देवी, नरपतगंज सँ देवंती यादव, किशनगंज सँ स्वीटी सिंह आ प्राणपुर सँ निशा सिंह के टिकट भेटल अछि। कोढ़ सँ कविता देवी, औराई सँ रमा निषाद, वारिसलिगंज सँ अरूणा देवी आ जमुई सँ श्रेयसी सिंह के नाम सेहो लिस्ट मे सम्मिलित अछि।

---

एनडीए के घटक दल सभक मध्य सीटक आवंटन के लऽकऽ विवाद बढैत जा रहल अछि। विवाद के देखैत जदयू अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना स्थित अपन आवास पर एक आपातकालीन बैसक बजौने छलाह। बैसक मे विवाद के सोझरेबाक लेल विभिन्न पहलू पर गहन विचार–विमर्श कयल गेल। श्री कुमार पार्टीक कार्यकारी अध्यक्ष संजय झा, वरिष्ठ नेता ललन सिंह आ विजय कुमार चौधरी के भाजपा के शीर्ष नेतृत्वक संग वार्ता कऽ सीटक बंटवारा के शीघ्र सोझरेबाक लेल कहलनि अछि।

———————————————————

एहि मध्य जदयूक प्रदेश अध्यक्ष उमेश कुशवाहा वैशाली के महनार सँ आइ अपन नामांकन पर्चा दाखिल कयलनि। पार्टीक वरिष्ठ नेता आ ऊर्जा मंत्री बिजेन्द्र प्रसाद यादव सुपौल विधानसभा क्षेत्र सँ आ मोकामा सँ जदयूक टिकट पर अनंत सिंह नामांकन पत्र भरलनि। वैशाली सँ जदयूक सिद्धार्थ पटेल पर्चा दाखिल कयलनि। काल्हि राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव राघोपुर सँ अपन नामांकन पत्र दाखिल करताह।

———————————————————

सुप्रसिद्ध लोक गायिका मैथिली ठाकुर आइ भाजपा मे शामिल भऽ गेलीह। पटना मे आयोजित समारोह मे पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष दिलीप जायसवाल हुनका पार्टीक प्राथमिक सदस्यता दियौलनि। पत्रकार लोकनि सँ गपशप मे मैथिली ठाकुर कहलनि जे हुनक विचारधारा भाजपा के विचारधारा सँ मिलैत अछि एहि लेल ओ भाजपा मे सम्मिलित हेबाक निर्णय कयलनि अछि।

———————————————————

एनडीए मे सीटक बंटवारा सँ असंतुष्ट भागलपुरक सांसद अजय मंडल संसदक सदस्यता सँ त्यागपत्र देबा संबंधी पत्र जदयू अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के पठौलनि अछि। पत्र मे कहल गेल अछि जे विधानसभा चुनाव मे टिकट बंटवारा मे हुनक उपेक्षा कयल गेल, जाहि सँ ओ आहत छथि।

———————————————————

महागठबंधन मे सेहो एखन धरि सीटक बंटवारा के लऽकऽ गतिरोधक स्थिति बनल अछि। आगाँ के रणनीति पर चर्चा के लऽकऽ नव दिल्ली मे कांग्रेस कार्य समिति के एक महत्वपूर्ण बैसक होयत। बैसक मे सीटक बंटवारा पर अंतिम रूप सँ चर्चा हेबाक संभावना अछि। संगहि गतिरोध समाप्त करबाक लेल कांग्रेस आ राजद नेता लोकनिक सेहो आइ गपशप हेबाक संभावना जनाओल जा रहल अछि। एहि मध्य राजद अध्यक्ष लालू प्रसाद पार्टी प्रत्याशी लोकनि के सिंबल बांटब शुरू कऽ देलनि अछि। ओ मटिहानी सँ बोगो सिंह, मनेर सँ भाई वीरेन्द्र, संदेश सँ दीपू सिंह आ परवत्ता सँ डॉक्टर संजीव कुमार सहित आठ प्रत्याशी लोकनि के सिंबल प्रदान कऽ देलनि अछि।

---

ओतहि दोसर दिस कांग्रेसक केन्द्रीय चुनाव समिति सेहो छिहत्तरि सीटक लेल उम्मीदवार लोकनिक सूची जारी कऽ देलक अछि। वाम दल सेहो अपन उम्मीदवार लोकनिक सूची जारी करब शुरू कऽ देलक अछि। भाकपा–माले घोसी सँ रामबली सिंह यादव, पालीगंज सँ संदीप सौरभ, डूमराव सँ डॉक्टर अजीत कुमार कुशवाहा आ अरवल सँ महानंद सिंह के अपन उम्मीदवार बनौलक अछि। पटनाक दीघा सँ पार्टी युवा मंत्री दिव्या गौतम के सिंबल देलक अछि। सीपीएम मांझी सँ सत्येन्द्र यादव, विभूतिपुर सँ अजय कुमार के उम्मीदवार बनौलक अछि। एहि मध्य, सीपीएमएल के कयामुद्दीन अंसारी आइ भोजपुर जिलाक आरा विधानसभा सँ अपन नामांकन पर्चा दाखिल कयलनि।

---

समाप्त भेल।